CIVIC ACTION TEAMS

# Nepal Coronavirus CivActs Campaign

अंक #६५

१२ ।६ ।२०७७

**Coronavirus CivActs Campaign (CCC)** सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पत्ता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।

## आ.व. २०७७/७८ मे प्रदेश तथा स्थानीय तहके लगानी साझेदारीमे सञ्चालन होबवला तालिमसभ

### निर्माण
राजमिस्त्री, मचान बनेनाई, काठके काज, स्टीलके जोडवला, पाईपलाईनके काज, विद्युत जडान, गाडी मर्मतसम्भार, वेल्डिङ, मोबाईल, टि.भि., कम्प्युटर, ईन्भर्टर मर्मत ईति

### कृषि
पशु स्वास्थ्य कार्यकर्ता, कृषि कार्यकर्ता, तरकारी खेती, नगदे वाली, च्याउ खेती, मधुमाछी, बंगुर, मुर्गी पालन, हाथ सँ कागज निर्माण, ऊन प्रशोधन

### सेवा
ब्युटी पार्लर, देखभाल करवला, मन्टेश्वरी तालिम

### कला
थान्का, मूर्तिकला, बेतबाँस, मिथिला, पेन्टिङ, काठमे नक्काशी, पथ्थरमे नक्काशी, कपडामे जरी भरनाई, माला, थैली, पर्स बनेनाई, फोटो फ्रेम लेमिनेसन केनेई, पोते, माला, सजावटके सामान उत्पादन केनाई

### पर्यटन
कुक, वेटर, वेट्रेस, हाउस किपिङ, हाउस मेड, बारमेन, सेल्स पर्सन, फ्रन्ट अफिस मेनेजमेन्ट, सेक्रेटरी, टुरिष्ट गाईड

### होजियारी तथा तयारी पोशाक
सिलाईकटाई, ढाका बुनाई, गार्मेन्ट्स, गलौचा, राडी पाखी बुनाई, ईम्ब्रोडरी, फेशन डिजाईन, बक्रम बनाउने, धागो बुन्ने

### खाद्य सामाग्री प्रशोधन
कुकिज, पाउरोटी, जुस, अचार, रस बनाउने, वारिष्ट्रा, चिया, अदुवा, अलैची, अमला, बेसार, टिमुर, खुर्सानी, बिउ बिजन प्रशोधन

### सूचना प्रविधि
फ्रन्ट ईन्ड डिजाईन, वेवसाईट डिजाईन, ग्राफिक्स् डिजाईन, डाटाबेस तथा सफ्टवेयर निर्माण, डाटा प्रशोधन

स्रोत: https://www.mofaga.gov.np/news-notice/2115

## नेपाल अपडेट



काभ्रेके बनेपामे लम्बा समयसँ पढाई शुरु नै भेलाके बाद अपन अभिभावकद्वारा चलाय जायवला रिक्सामे बैसक पढ्ैत धियापुता ।

तस्बिर: केशवराज पौडेल

### परिक्षण
पिसिआर परिक्षण: ९,९८,४०७

पोजेटिभ: ७४,७४५

उपचाररत: १९,६२४

मृत्यु : ४८१

सन्चो भएका : ५४,६४०




accountabilitylab NEPAL

# हल्ला र तथ्य



लम्बा दूरीके यात्रा सँ आएल आदमीसभ वर्षात मे भिजैत पिसिआर परिक्षणके लेल लाईनमे लाग परल समाचार आईबरहल छलै । कि तेहन आदमीके परिक्षण कराबहे परतै ?

लम्बा दूरीके यात्रा कैरते मे पिसिआर परिक्षण कर नै परतै । संक्रमित आदमीके सम्पर्कमे एला पाँच दिनके बाद मात्रे पिसिआर परिक्षण केला सँ अपना कोरोना भेल/नैभेल पता चलैत छै । यात्रा कलक आएल आदमीके आयलाके मिति सँ दू सप्ताहतक अपन कोठलीमे अलगे रह पड़ैत छै । तै अवधीमे कोरोना सम्बन्धी कोनो लक्षण देखेलामे मात्रे अपन नजिकके वडा कार्यालयके तुरन्त जानकारी कराब पड़ैत छै । तेकर बाद वडा कार्यालय आवश्यक समन्वय कलक पिसिआर परिक्षण कर आ आरो जानकारीके लेल स्वास्थ्यकर्मीके सम्बन्धित आदमी भेल जगहपर पठाबैत छै ।

स्रोत: https://www.dotm.gov.np/Files/NoticePDF/



कोरोनाके कारण विदेशमे रहल बहुतोरास नेपालीके रोजगारी गुमल छै, लेकिन रेमिट्यान्स् त पहिल वर्ष सँ बढ्लै कहैत छै ?

चालु आर्थिक वर्षके पहिल महिनामे कूल ९२ अर्ब ७१ करोड रुपैयाँ बराबरके रेमिट्यान्स् नेपाल आयल छै । नेपाली कामदार रहल श्रम गन्तव्यमे कोरोनाके संक्रमण निरन्तर रहितो रेमिट्यान्स् आप्रवाह २३ प्रतिशतसँ वृद्धि भेल छै । अगिला वर्ष ओही अवधिमे रेमिट्यान्स् आप्रवाह २ प्रतिशतसँ वृद्धि भेल छलै । सरकार अवैध माध्यमसँ आबवला रेमिट्यान्स्के वैधानिक माध्यमसँ आनके लेल लेने नीति तथा कार्यक्रम प्रभावकारी बनला सँ, हुण्डी लगाएतके अवैध कारोबार रोकेला सँ बैंकिङ प्रणालीसँ मात्रे रेमिट्यान्स् एला सँ ई बृद्धिदर देखाएल अछि ।

स्रोत: https://www.nrb.org.np/contents/uploads/2020/09/One-Month-data_2077.78-2.pdf



कि सरकार सार्वजनिक यातायातमे यात्रा करवला यात्रुके भाडा अनलाईन माध्यमसँ मात्र तिर परत कहने छै ? ई त सबके लेल सम्भव नै हेतै त ?

सार्वजनिक यातायातमे यात्रा करकाल स्वास्थ्यके आरो मापदण्ड पुरा कैरतो किराया उठावैतकाल कोभिड - १९ के सम्भावित जोखिम बढ्सकवला बातके मध्येनजर करैत यातायात व्यवस्था विभाग सम्बन्धित यातायात व्यवसायीके सुरक्षित वैकल्पिक उपाय अवलम्बन कर कहने छै । जाही अनुसार सकभर मोवाईलपर आधारित स्क्यान एण्ड पे प्रणाली या कन्ट्याक्टलेस कार्डके शुरुवात करब । से नै होई त, अनलाईन भुक्तानी के व्यवस्था करब, सेहो सम्भव नै होई त, किराया संकलनके लेल अलगे बक्सा बनाक यात्रुके फिर्ता कर नै परे तेना क यात्रुसभके रकम राख कहब आ किराण असुलीमे सकभर प्रत्यक्ष नगदके प्रयोग नै कर कहने छै ।

स्रोत: https://cutt.ly/2f1S4L5



प्रदेश ५ के सरकार नजिक आबिरहल पाबैनतिहारके समयमे नेपाल भारतके सीमा नाका बन्द करतै कहिक सुनलौ, वास्तविकता कि छै ?

पाबैनतिहारके समयमे भारतिय सीमावर्ती बजारमे किनमेलके लेल जायवला नेपालीसभके लक्षित कलक प्रदेश ५ सरकारके कोरोना संकट व्यवस्थापन केन्द्रके बैठक सँ सिमा आरपार आवाजाही रोकके निर्णय केने छै । भारतसँ अपन घर जायके लेल आबवला नेपाली आ नेपाल सँ अपन घर जायके लेल चलल भारतीयसभ के मुदा रोकल नै जेतै । भारतमे संक्रमण तिब्र भेलाके कारण किनमेलके लेल भारतीय बजार जाय चाहवला नेपालीसभके मुदा रोकल जेतै । सिमा नाकामे सुरक्षित आवाजाहीके लेल तोकलगेल सीमानाका सँ मात्रे सुरक्षित आ स्वास्थ्य सुरक्षा मापदण्ड अनुसारके आवागमनके व्यवस्था कर, हेल्थ डेस्क आ अभिलेख राखके निर्णय प्रदेश ५ के सरकार केने छै ।

स्रोत: बैजनाथ चौधरी, प्रवक्ता, प्रदेश सरकार, प्रदेश नं. ५

WhatsApp मार्फत हमरासभके विषयमे नियमित ताजा जानकारी पाब

१. आहाके कन्ट्याक्ट लिस्टमे +2760806146 एड करु
२. उपरका कन्ट्याक्ट नम्बरमे Nepal लिख्क म्यासेज पठाउ






COVID-19

को बारेमा बुझ्न निःशुल्क हटलाईन

viamo द्वारा प्रस्तुत

कोभिड - १९ सम्बन्धि मंगनियेमे जानकारी लेबके लेल आहाके NTC सिमकार्ड सँ **३२१००** मे डायल करु

accountabilitylab NEPAL

# Open Migration

## मुख्य गन्तव्य राष्ट्रमा रहेका नेपाली कामदार

| | नेपाली | संक्रमित | नेपाली संक्रमित | मृत्यु भएका नेपाली |
|---|---|---|---|---|
| साउदी अरव | ३,३४,४५१ | ३,३३,१९३ | १८७५ | ११ |
| कुवेत | ७१,१९३ | १,०३,५४४ | १६५० | ७ (मृत्यु भएक नेपाली) |
| बहराईन | २६,००० | ६९,३६१ | ४५१ | ३ |
| कतार | ४,०६,९१७ | १,२५,०८४ | २२,५०० | १६ |
| युएई | २,२४,९०५ | ९२,०९५ | २४०० | ३० |
| ओमान | १७,०५७ | ९७,४५० | ४५ | १ |
| मलेसिया | ५००,००० | ११,०३४ | ८१ | |
| दक्षिण कोरिया | ३८,८६२ | २३,६६१ | २ | |

- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित नेपाली
- गन्तव्य राष्ट्रमा नेपाली जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा मृत्यु भएका नेपाली



स्रोत: https://coronavirus.jhu.edu/map.html
https://www.covid19.nrna.org.np/
https://publications.iom.int/system/files/pdf/mp_nepal_2019.pdf

ShramikSanjal

## अक्टुबर १ तारीख सँ दोहा आ काठमाण्डौ बीचमे नियमित उडानसभ शुरु होबवला छै

### उडान भरवला वायुसेवा कम्पनीसभ

नेपाल एयरलाईन्स्

हिमालाय एयरलाईन्स्

कतार एयरलाईन्स्

### प्रकृया

- आब दुतावासके नाम लिस्टके प्रतिक्षा कलक नै बैस पड्तै । अपने तरिका सँ एयरलाईन्स्के कार्यालय या आधिकारीक ट्राभल्ससभसँ टिकट ललक यात्रा कल सकैत छी ।
- नेपालके नियम अनुसार, नेपालमे PCR Negative Report ७२ घण्टा नै कटल होब परला सँ टिकट ललेलाके बाद मात्रे ओहीके आधारसँ समय मिलाक PCR Test के लेल जायब । PCR के रिपोर्ट आब साधारणतया २४ सँ ४८ घण्टा लागलाके कारण ओही अनुसार अपन समय मिलाएब । रिपोर्ट एलाके बाद घण्टा गन्ती होईछै से बात जानकारीमे राखब त बढ्िया रहत ।
- नेपाल फिर्ता आबवला सबके CCMC के फारम भर परत । फारम अनलाईनसँ भर सकलाके कारण www.ccmc.gov.np मे जालक फारम भैरक ओकर बारकोड प्रिन्ट कलक या मोबाईलमे स्क्रिनसट ललक सेहो राख सकैत छी । ओई बारकोडके एयरपोर्टमे देखाब परैत छै ।

www.facebook.com/shramik.sanjal सँ आहाँ प्रत्येक रविदिन, बुधदिन आ शुक्रदिन साझँमे UAE Time (8:00 PM), Qatar, KSA, Kuwait (7:00 PM) Malaysia (12 Midnight) हमरासभके लाईभ देख सुन सकैत छी ।

accountabilitylab NEPAL

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## २०७७ साल श्रावण मसान्त सम्म कोभिड - १९ को सन्दर्भमा भएको जम्मा खर्च

**१३ अर्ब ३७ करोड**

| संघिय सरकार | प्रदेश सरकार | स्थानीय सरकार | प्रधानमन्त्री कोरोना रोकथाम तथा उपचार कोष |
|---|---|---|---|
| ३६% | ११% | ४५% | ८% |

## संघिय सरकारमा भएको खर्च शिर्षक

औषधी तथा स्वास्थ्य उपकरण
रु. १,७५,५२,४०,०००

क्वारेन्टाईन व्यवस्थापन
रु. ४,६९,४६,०००

स्वास्थ्य बीमा
रु. २,९३,८८,९६,०००

अन्य
रु. १,२४,७३,०००

मानव स्रोत साधन परिचालन
रु. ५,७४,४३,०००

## प्रदेश सरकारले गरेको खर्च

रकम निकासा

खर्च भएको रकम




accountabilitylab NEPAL

# विदेशसँ फिर्ता आएल युवाके स्थानीय तहके नीति तथा कार्यक्रम अखनोतक समेट नै सकल



काभ्रेपलाञ्चोक जिलासँ वार्षिक दशहजारके संख्यामे स्त्री तथा पुरुषसभ वैदेशिक रोजगारीमे जाईत अछि । जिलासँ खाडी मुलुकमे वार्षिक पाँच हजारके आसपासमे पुरुष तथा एक हजारसँ बहुते बेसी स्त्रीसभ बैदेशिक रोजगारीमे जाईत अछि । तहिना कलक वार्षिक चाईर हजारके संख्यामे भारत तथा आरो देशसभमे वैदेशिक रोजगारीके लेल जायके अनुमान छै ।

१३ टा स्थानीय तह रहल काभ्रेपलाञ्चोक जिलामे २०७६ चैत्रसँ २०७७ भादव अन्त तक वैदेशिक रोजगारीसँ पाँच हजार सँ बेसी युवासभ फिर्ता आएल अछि । तहिना कलक, पाँच हजारके आसपास भारत सँ फिर्ता आएल अछि । जिला स्वास्थ्य कार्यालय काभ्रेके अनुसार काभ्रेपलाञ्चोक जिलामे अई समयमे ४२६ कोई फिर्ता आएल तथ्यांक  छै । लेकिन पिछला समय काठमाण्डौमे रहल होल्डीङ केन्द्रसँ सिधे गाम गाम जाय लगलाके बाद जिलामे आरो थपाएल तथ्यांक नै छै । एक स्थानीय तहमे कम्तिमे पाँच सयसँ बेसी युवासभ वैदेशिक रोजगारी सँ फिर्ता आएल अछि ।

वैदेशिक रोजगारीके सिलसिलामे काभ्रेसँ विदेशजायवला सबसँ बेसी १८ सँ ३५ वर्ष उमेर समुहके रहल छै । लेकिन, गन्तव्य मुलुकसँ स्वदेश फिर्ता आबवलामे २५ सँ ३४ वर्ष उमेर समूहके श्रमिक संख्या सबसँ बेसी रहल छै । नेपालभैरमे विगत पाँच वर्षमे गन्तव्य मुलुकसँ फिर्ता आएल मे सँ बहुते नेपाली बेरोजगार रहल श्रम मन्त्रालयके तथ्यांक देखाबैत अछि । विदेशसँ फिर्ता आएल मे सँ ५५.८% बेरोजगार रहल प्रतिवेदनमे जनाओल गेल छै । गन्तव्य मुलुकसभसँ स्वदेश फिर्ता आबवलामे ४४.२% मात्रे रोजगारीमे संलग्न भेल प्रति( वेदनमे देखाईत छै । मन्त्रालयद्वारा सार्वजनिक कएलगेल प्रतिवेदन अनुसार वैदेशिक रोजगारीसँ फिर्ता आएल श्रमिकसभमे सबसँ बेसी भारत सँ फिर्ता आएल ५१% नेपाली कोनो भी काममे नै लागल अछि । तहिना, मलेसियासँ ३४.३%, खाडी मुलुकसँ ३९.६%, आरोसँ ४५.९% आदमी कोनो भी काममे नै लागल अछि । तहिना कलक, मलेसियासँ फिर्ता आएल १४.९%, भारतसँ ११.९%, खाडीसँ १५.७% आ आरो देशसँ फिर्ता आएल ११.२% पूर्णबिरोजगार रहल मन्त्रालयके तथ्यांक सँ देखाबैत अछि । विदेशसँ फिर्ता आएल श्रमिकसभमे सँ, कृषि, वन तथा मत्स्य पालनके हुनर सिखने श्रमिक मुदा, स्वदेश फिर्ता एलाके बाद सेहो ओही काममे संलग्न भेल पाओल गेल छै ।

विदेशसँ हुनर सिखक फिर्ता आएल आदमीके हुनरके केना प्रयोग मे आनल जाल्सकैत अछि कहिक काभ्रे जिलाके कोनो भी स्थानीय तह स्पष्ट नीति तथा कार्यक्रम सार्वजनिक कर नै सकल अछि । आषाढमे बनल नीति तथा कार्यक्रममे पनौती नगरपालिका लेकिन वैदेशिक रोजगारीसँ फिर्ता आएल युवासभके रोजगारी निर्माण कराब सामुहिक खेती, पशुपालनके लेल बजेट विनियोजन समेत केने छै । आरो किछ स्थानीय तहसभ व्यवस्थित रुपमे लगत राईखक वैदेशिक रोजगारीसँ फिर्ता आएलसभके सामुहिक रुपमे ऋणके व्यवस्था करके समेत निर्णय केने अछि । हुनर सिखक फिर्ता आएल युवाके स्थानीय स्तरमे हुनर अनुसारके रोजगारी आ आरोके रोजगारी संगे जोडके तालिमके नै करब त, दक्ष जनशक्ति विदेश जायके प्रकृया चलैत रहत ।

सही सूचना

# काठमाण्डौ उपत्यकामे संक्रमितके संख्या अखनो बढ़िरहल छै

काठमाण्डौ उपत्यकामे दैनिक कोभिड - १९ सँ संक्रमित होबवलाके संख्या (२०७७ भादव २५ सँ आश्विन ११ तक)




उपरके ग्राफमे काठमाण्डौ उपत्यकाके तीन जिलामे दैनिक कोभिड-१९ सँ संक्रमित होबवलासभके संख्या देखायल गेल छै । अईसँ उपत्यकामे संक्रमण कम होबके कोनो संकेत नै देखाबैत छै । एना देखला सँ काठमाण्डौ उपत्यका अखन संक्रमणके केन्द्रके रुपमे आगु आयल छै । देशभैरके जम्मा संक्रमितके आधा सँ बेसी संक्रमित आ दैनिक थपारहल नयाँ संक्रमित मे सँ आधा काठमाण्डौ उपत्यका मे सँ छै । एक दिस संक्रमणके गति तिव्र रुपमे बढ्नाई आ दोसर दिस उच्च जनघनत्व संगे मानव चहलपहल बेसी भेलाके कारण सँ जोखिम बेसी छै । तै सँ समयमे एकर रोकथामके लेल पहल केनाई जरुरी छै । स्मरण करवला बात कि छै कि, कुल मे सँ आधा सँ बेसी पिसिआर परिक्षण सेहो काठमाण्डौ उपत्यका मे भलरहल छै । उपत्यका बाहर संक्रमितके संख्या कम देखायके एकटा कारण ई सेहो होब सकैत छै ।

स्रोत: HEOC, MoHP, SitRep

**DISCLAIMER**

अई अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतोरास संस्था तथा व्यक्ति, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेबसाईट, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स आ सिभिक एक्सन टिम विगत एक सप्ताहमे बहुतो आदमीसभसंगेके प्रत्यक्ष तथा अप्रत्यक्ष संवादसँ संकलन कएलगेल छै । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दळक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ छनौट कएलगेल छै । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मिति तक सत्य छै ।

**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

accountabilitylab communities

@CivicActionTeams @civacts @CivActs

CivActs | Email: civactsnp@accountabilitylab.org | Phone: 9851203219